



Tradisyon akonplisman Lekòl Leta Miami-Dade County a ap kontinye avèk rekonesans entènasyonal, nasyonal ak eta a. Yon fwa anko, plizyè nan lekòl segondè nou yo te klase pami meyè lekòl nan peyi a. M-DCPS genyen sèt nan 100 meyè lekòl segondè nan peyi a e 13 nan 20 meyè lekòl nan Florid – selon U.S. News & World Report. Pou yon 35èm ane, M-DCPS resevwa Prim Sètifika Akonplisman pou Ekselans nan Rapò Finansye nan men Asosyasyon Entènasyonal Ofisyèl Biznis Lekòl pou bon kalite rapò yo bay kominote a. Gen lòt akonplisman toujou ki te ranfòse eksperyans edikasyonèl la pou tout moun nan M-DCPS.



## Ekselans Akademik

### YON DISTRI LEKÒL KI FÈ NÒT A:

Pou dezyèm ane suivi, nou akonpli yon nòt "A" atravè tout distri a. Pou twazyèm ane suivi, pa gen okenn lekòl tradisyonèl ki resevwa nòt F nan Distri a e 99% tout lekòl yo resevwa nòt A,B, oubyen C.

### SIKSÈ NAN PLASMAN AVANSE:

Nou kontinye ap ogmante to pasaj ak anwolman nan egzamen Plasman Avanse (AP). Plis pase 30,000 elèv te patisipe nan kou AP yo an 2017-2018, yon to pasaj jeneral 55 pousan, ki reprezante de (2) pousan pa rapò ak ane avan an.

### PÈFÒMANS AKADEMI KARYÈ YO DEPASE PA TOUT LÒT DISTRI LEKÒL YO:

Venteyen akademi te pami 88 nan tout peyi a rezo Fondasyon Akademi Nasyonal (NAF) idantifye kòm Distenge, pi wo nivo akonplisman, plis pase nenpòt lòt akademi nan peyi a. Gen 10 lòt lekòl yo rekonèt kòm nivo Modèl.

### TO GRADYASYON NOU BAT REKÒ:

To gradyasyon nou (san konte lekòl charter yo), rive a 89 pousan pou ane akademik 2017-2018 la – pi gwo to distri lekòl la janm reyalize.

### PWOGRAM MAGNET YO RESEVWA ATANSYON NASYONAL:

'Magnet Schools of America' onore senkant uit lekòl magnet avèk yon Prim Merit Ekselans oubyen Distenksyon dèske yo demontre pi wo nivo akonplisman. Plis pase nenpòt lòt distri lekòl nan peyi a.

### OGMANTE AKSÈ ELÈV NAN KOU RIJID YO:

Nou resevwa Prim Meyè Distri Lekòl Cambridge pou Ane 2018 la pou angajman eksepsyonèl nan elaji aksè e ofri edikasyon Cambridge bon kalite avèk pèfòmans elèv ki egalman solid.



## Inisyativ

### REFERANDÒM SEKIRIZE AVNI NOU:

Swasant-dis pousan votè nan Miami-Dade te vote avèk konviksyon pou apwouve Pwopozisyon #362 a pou ogmante salè pwofesè e ogmante sekirite nan lekòl. Kòm rezilta, pwofesè M-DCPS yo te ratifye yon nouvo kontra avèk pi gwo ogmantasyon salè ki fèt nan listwa.

### SISTÈM LEKÒL SAN TABAK:

Komisyon Konsèy Lekòl la te lanse kanpay "E(liminate)-Cigs" (Elimine Sigarèt Elektwonik) pou ogmante konsyantizasyon sou konsekans negatif itilizasyon tabak, edike elèv, anplwaye, ak kominote a sou danje itilizasyon vapè ak pwodui sigarèt.

### KANPAY #MIAMIREADS:

Komisyon Konsèy Lekòl la te lanse kanpay "#MiamiReads" (Miami Ap Li) pandan tout ane a pou pwomote lekti nan tout nivo ane eskolè yo. Li gen ladan aktivite lekti/ekriti ak konpetisyon pou bati yon kominote k ap fè lekti ak kè kontan vin fè pati lavi elèv yo.

### #RESPECT4TEACHERSMDCPS:

Komisyon Konsèy Lekòl la te lanse kanpay "R.E.S.P.E.C.T. (Recognize, Engage, Support, Persuade, Educate, Celebrate) (Rekonèt, Angaje, Sipòte, Konvenk, Edike, Seleb, Pwofesè) pou souliyen gwo transfòmasyon pwofesè ka fè nan fòje e fòme lavi elèv yo.

### KREYASYON DEPATMAN SANTE MANTAL:

Avèk yon investisman \$7.8 milyon e rekritman 30 pwofesyonèl, nou te kreye Depatman Sante Mantal la pou kowòdone e fasilite sèvis ant lekòl yo ak ajans kominotè, pou asire elèv yo jwenn sèvis.

### ELAJI IATTEND:

Patenarya kominotè atravè tout distri a avèk Florida Panthers e Miami Marlins te sipòte "iAttend" (Mwen Prezan), yon inisyativ M-DCPS pou ogmante prezans nan lekòl. Prèske 50,000 elèv ki te ogmante prezans yo yon fason siyifikatif oubyen pafè te resevwa tike gratis pou yon match bezbòl oubyen lòt ankourajman ankò.





# Sekirite nan Lekòl

## OFISYE RESOUS NAN CHAK LEKÒL:

Depi premye jou a, nou te asiyen yon ofisye polis sètifye nan chak lekòl apre prestasyon sèman 130 ofisye Polis Lekòl Miami-Dade (M-DSP), ak patenarya ant Miami-Dade County e minisipalite yo.

## SANT KÒMAND POLIS:

Nou kreye yon sant kòmand M-DSP pou sèvi kòm yon biwo enfòmasyon pou siveyans dijital, pou amelyore pwoteksyon ak sekirite ansanm ak to repons polis. Sant la kontwole 16,000 kamera sekirite lekòl ki gen ladan prèske 1,700 kamera sekirite lekòl nou te enstale ane sa a ansanm ak plis pase 1,650 nou pral ajoute yo.



# Bon Obligasyon Jeneral

## MODÈNIZE LEKÒL NOU YO:

Depi pasaj Bon Obligasyon Jeneral la an 2012, nou fini apeprè 200 pwojè prensipal ak plis pase 540 pwojè dimansyon akselere ansanm ak plizyè douzèn lòt ki an konstriksyon, desen oubyen planifikasyon. Total travay ki konplete oubyen sou kontra ap apwoche \$800 milyon.

## NOUVO ETABLISMAN:

Nou prezante Sant K-8 Kendall Square, avèk yon investisman total \$14.3 milyon pou faz sa a ki gen ladan \$10 milyon fon GOB. Nouvo Akademi iPrep endepandan nan Dr. Michael M. Krop, pou apeprè 600 elèv, ofri zòn nòdès la yon lòt opsyon chwa.



# Distenksyon

## DISTENKSYON AKREDITASYON:

Pi gwo distri lekòl nan peyi a ki resevwa akreditasyon AdvancED pou yon dezyèm tèm senkan. Akreditasyon an baze sou pèfòmans jeneral Distri a nan yon ansanm endikatè ak kritè global.

## VIZYON NAN KAPASITE LIDÈ:

Chèmann Komisyon Konsèy Lekòl Perla Tabares Hantman te resevwa Prim Edikatè pandan Tout Lavi "National Association for Bilingual Education (NABE)" (Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Bileng) pou efè li fè sou lavi elèv bileng.

## MEYÈ ANPLWAYÈ NAN ETA A:

Nou nan lis 'Forbes' Meyè Anplwaye nan Eta Amerik yo. Youn nan sèlman uit distri lekòl nan Florid ki sou lis la e sèl gran distri iben nan eta a ki sou lis la.

Asosyasyon Ansyen Elèv Akademi Sitwayen Nasyonal FBI te onore Manm Komisyon Konsèy Lekòl Dtè. Lawrence S. Feldman avèk Prim Meday Lò e kòm Meyè Manm Komisyon Konsèy pou Ane 2018 pou angajman li pou sekirite elèv.

## PI GWO ONÈ MAGNET:

Miami Lakes Educational Center resevwa Prim Lekòl Magnet Merit Ekselans Dtè. Ronald P. Simpson 2019 pou pi gwo angajman li nan divèsite, ekselans akademik, ak inovasyon nan kourikoulòm. Direktris Deborah Leal nan Lekòl Mwayen Hammocks te resevwa prim Meyè Direktè Magnet MSA pou Ane a nan Rejyon III.

Manm Komisyon Konsèy Lekòl Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall te resevwa Prim Sèvis Gouvènman 2019 nan men Asosyasyon Nasyonal Ansyen Elèv Inivèsite Bethune-Cookman pou efò responsablite sivik e sosyal li kontinye ap demontre.

"Council of Great City Schools" (Konsil Lekòl nan Gran Vil) te nonmen Sipèentandan Alberto M. Carvalho kòm Meyè Sipèentandan Iben Nasyonal pou Ane 2018. Prim Green-Garner a onore angajman ak pasyon li pou ogmante akonplisman elèv. NABE te rekonèt Carvalho tou pou kapasite egzanplè li kòm lidè nan edikasyon bileng.



# Edikatè Enspirasyonèl

## YON PWOSESÈ RESEVWA REKONESANS NASYONAL:

Yo nonmen Jennifer Jimenez, yon pwofesè mizik nan Lekòl Segondè South Miami, youn nan sèlman sis gayan Prim Pwofesè Enspirasyonèl 'Kennedy Center/Stephen Sondheim' pou Ane 2019 la, ki onore pwofesè ki bay plis enspirasyon nan peyi a.

## MEYÈ PWOSESÈ POU ANE A:

Yo nonmen Oliver Diez, yon pwofesè mizik nan Lekòl Elemantè Palmetto, Prim Meyè Pwofesè Francisco R. Walker pou Ane 2020 an nan Miami-Dade County. Yo nonmen Laura Haim, yon pwofesè nan Lekòl Elemantè Pinecrest, Meyè Pwofesè Debitan pou Ane a.



# Ansyen Elèv Selèb

## ENTWODIKSYON NAN 'HALL OF FAME' 2019:

Nou te entwodui twa Moun Miyami byen koni nan "Alumni Hall of Fame" (Lis Ansyen Elèv Selèb) la. Emilio Estefan, yon pwodikte mizik ki gen yon repitasyon entènasyonal e ki se yon ansyen elèv Miami Senior High School; Alan Fein, ki te gradye nan Miami Coral Park e ki te nan premye komite ki Mennen franchiz Miami HEAT la nan Sid Florid; ak ansyen elèv Southwest Miami Senior High School Ana VeigaMilton, Prezidan Fondasyon José Milton, ki te ede etabli yon estidyo anrejistreman atistik nan 'Miami Arts Studio at Zelda Glazer'.